



Pou Piblikasyon Imedya: 08/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 5 MILYON DOLA POU ELAJI PWOGGRAM RANBOUSMAN PRÈ POU TRAVAYÈ SANTE MANTAL YO

Kritè elijiblite yo elaji bay pwofesyonèl ki gen lisans, ki gen ladan travayè sosyal yo, terapet, sikanalis ak sikològ yo

Pwogram Eta finanse ki vize pou ranfòse efò rekritman ak retansyon anplwaye yo nan kad [Plan Swen Sante Mantal 1 milya dola](#) Gouvènè Hochul la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon ekspansyon 5 milyon dola pou [Pwogram Ranbousman Prè Sante Mantal Kominotè](#) (Community Mental Health Loan Repayment Program, CMHLRP) pou elaji elijibilite pou pwofesyonèl sante mantal ki gen lisans yo. Jere pa Biwo Sante Mantal eta a, kounye a pwogram nan gen 14 milyon dola ki dedye pou rekrete ak kenbe pwofesyonèl sante mantal kalifye nan yon moman kote demann pou travayè sa yo wo anpil epi yo prevwa ogmante.

"Efò nou pou amelyore swen sante mantal kontinyèl New York la depann de pwofesyonèl ki resevwa fòmasyon ki nesesè pou antreprann travay enpòtan sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram ranbousman prè sa a pral bay ankourajman ki nesesè pou atire nouvo travayè oswa kenbe pwofesyonèl ki egziste deja pou abòde mank pèsonèl epi satisfè demann ki pa satisfè nan tout eta a."

Pwogram Ranbousman Prè Sante Mantal Kominotè a bay jiska 120,000 dola pou sikyat ak 30,000 dola pou lòt pwofesyonèl sante mantal pou ranbouse prè edikasyon kalifye ak dèt etidyan yo, sou kondisyon pwogram sante mantal kominotè ki gen lisans yo kenbe yo anboche pandan twa ane. Pwogram elaji a ogmante kalifikasyon pou l'enkli anpil lòt pwofesyonèl sante mantal ki gen lisans, tankou mèt ak travayè sosyal klinisyen yo; konseye sante mantal; terapet konjigal ak familyal; terapet atistik kreyatif, sikanalis, ak sikològ yo.

Gouvènè Hochul te ajoute 5 milyon dola nan gwoup finansman ki egziste deja nan kad plan [1 milya dola](#) pou amelyore swen sante mantal kontinyèl Eta New York, sa ki mennen finansman total pwogram lan nan 14 milyon dola. Finansman adisyonèl la pral sipòte 500 prim, ki gen ladan 200 yo mete sou kote pou amelyore divèsite mendèv la.

Jiska 100 prim yo rezève pou moun k ap travay nan anviwònman ki bay divèsite, ekite, ak sèvis enklizyon, tankou espesyalizasyon kiltirèl oswa lengwistik, epi 100 prim yo pral mete sou kote pou pwofesyonèl k ap travay nan anviwònman prioritè yo, tankou klinik ki baze nan lekòl yo.

Etabli an 2022, pwogram nan te bay okòmansman 9 milyon nan finansman ranbousman prè pou sikyat ak enfimyè sikuatrik, ak elijibilite pwolonje pou asistan doktè sikuatrik nan mwa me. Pandan premye faz prim yo, yo te bay apeprè 3.4 milyon dola nan ranbousman prè pou plis pase 200 sikyat ak enfimyè sikuatrik.

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare, "Ogmante mendèv sante mantal nan eta nou an se yon pati entegral nan efò nou pou pwolonje sèvis yo bay plis Nouyòkè, ki gen ladan sila yo ki soti nan popilasyon ki tradisyonèlman majinalize yo. Lè nou agrandi pwogram ranbousman prè sa a, nou ka abòde mank ki egziste deja epi kòmanse devlope mendèv demen an pandan n ap kontinye aplike plan istorik Gouvènè Hochul la pou konstwi swen sante mantal kontinyèl nan Eta New York."

Nasyonalman, ogmantasyon pou santaj maladi mantal ak twoub itilizasyon sibstans te kreye yon demann ogmante pou sikyat ak lòt pwofesyonèl sante mantal yo, yon bezwen ki prevwa depase kwasans domèn sa a nan mendèv la. Dapre rezulta [Sant pou Etid Mendèv Sante](#) (Center for Health Workforce Studies), yo prevwa Eta New York gen ap yon defisi ant apeprè 1,180 ak 2,650 sikyat disi 2030.

An menm tan, plan swen sante mantal pou plizyè ane Gouvènè Hochul la ap agrandi sèvis yo nan plizyè domèn enpòtan, sitou pou sèvi timoun ak jèn. Pa egzanp, Biwo Sante Mantal la [te mande pwopozisyon](#) epi byento li pral elaji tretman sante mantal pou pasyan ekstèn ak klinik reabilitasyon nan lekòl yo atravè eta a, ki prevwa ogmante demann pou klinisyen kalifye ak pwofesyonèl sante mantal yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kowalisyon Eta New York pou Sante Konpòtmantal Timoun yo, Kayleigh Zaloga, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou wè Pwogram Ranbousman Prè Sante Mantal Kominotè a elaji pou I enkli yon pakèt pratikan ke pwogram nou yo konte sou yo pou sèvi timoun yo ak fanmi yo. Dedye lajan yo nan pwochen etap pwogram nan bay pratikan ki fèk elijib yo rekonèt valè yo epi li bay yon benefis reyèl nan travay nan anviwònman kominotè. Nou apresye tou plis konsantre pratikan ki pale plizyè lang oswa manm gwoup ki pa reprezante ase yo pandan n ap travay pou amelyore divèsite ak konpetans kiltirèl mendèv nou an."

Direktè Egzekitif Konsèy Eta New York pou Swen Sante Konpòtmantal Kominotè, Lauri Cole, te deklare, "Nan non 130 òganizasyon manm Konsèy Eta New York ki bay sèvis sante mantal ak sèvis itilizasyon sibstans nan kominote yo atravè New York, mwen vle felisite Gouvènè Hochul ak tout moun k ap pran desizyon kle yo ki te ede rann agrandisman opòtinitè ranbousman prè enpòtan sa a pou pratikan sante mantal yo vin yon reyalite. Devlope, sipòte, ak kenbe mendèv ki dèyè sistèm ijyèn mantal piblik New York la enpòtan, epi Pwogram Ranbousman Prè Sante Mantal Kominotè a se yon

envestisman entelijan ki pral ede founisè swen sante yo rekrite ak kenbe anplwaye yo. Nou rekonesan anpil anvè Administrasyon an paske li tande enkyetid nou yo. Nan jou kap vini yo, nou prevwa ke tout lejislatè eta yo pral kontinye prioyize kalite envestisman estratejik sa yo nan mendèv nou an."

Amy Dorin, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kowalisyon pou Sante Konpòtmantal la, te deklare, "Nou kontan anpil paske Gouvènè Hochul te elaji Pwogram Rambousman Prè Sante Mantal Kominotè a. Nou pa ta kapab ensiste ase sou enpòtans pou ogmante ak kenbe yon mendèv ki ka ede Nouyòkè yo ak pwoblèm sante mantal ak pwoblèm itilizasyon sibstans. Nou bat bravo pou OMH paske li enplemanté inisyativ rambousman prè sa a ki pral benefisyé mendèv nou yo, ajans nou yo ak, sitou, moun k ap resevwa swen yo. Nou pa ka tann pou nou kontinye efò kolaborasyon nou sou pwoblèm enpòtan sa a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)